



Pou Piblikasyon Imedya: 20/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

PANDAN SEMÈN KLIMATIK LA, GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GWO PWOJÈ ENFRASTRIKTI ENÈJI VÈT POU ALIMANTE VIL NEW YORK AK ENÈJI EWOLYÈN, SOLÈ AK IDWOLIK SOTI NAN PATI NÒ NEW YORK AK KANADA

Nouvo liy transmisyon yo pral kreye apeprè 10,000 djòb pou soutni fanmi yo nan tout eta a epi pote 8,2 milya dola nan investisman devlopman ekonomik, ki gen ladan investisman ke devlopè angaje pou sipòte kominote defavorize yo

Diminye depandans vil la sou konbistib fosil, diminye emisyon kabòn epi amelyore siyifikativman kalite lè ak sante piblik

Li akselere pwogrè pou depase objektif New York pou jwenn 70% elektrisite Eta a apati sous renouvlab apati 2030 sou chemen yon rezo zewo-emisyon

Pandan Semèn Klimatik la, jodi a Gouvènè Kathy Hochul te anonse de gwo pwojè enfrastrikti enèji vèt pou alimante Vil New York avèk pwojè ewolyèn, solè ak enèji idwolik soti nan pati nò New York ak Kanada. Si yo apwouve li, pwojè enfrastrikti sa yo pral kreye apeprè 10,000 djòb pou soutni fanmi yo nan tout eta a epi pote 8,2 milya dola nan investisman devlopman ekonomik, ki gen ladan investisman ke devlopè angaje pou sipòte kominote defavorize yo, yon fwa ke li fini, pou ede akselere rekiperasyon ekonomik eta a anba COVID-19. Anons sa a pral ede diminye depandans Vil la sou konbistib fosil, bese emisyon kabòn epi amelyore siyifikativman kalite lè a ak sante piblik nan kominote defavorize yo pandan y ap akselere pwogrè pou depase objektif New York pou 70 pousan elektrisite eta a soti nan sous renouvlab apati 2030 jan sa dekri nan Lwa Sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) a.

"Kominote New York yo ap fè fas a repetisyon ak konsekans grav akòz devastasyon ki te koze pa kriz klimatik mondyal la, epi anje yo pa te janm pi wo konsa pandan ke nou ap fè fas ak destriksyon ekonomik ak anviwònmantral ke evènman ekstrèm sa yo kite dèyè", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè transfòmasyon sa yo se pwojè gányan - k ap kreye dè milye nouvo travay ki byen peye nan tout eta a ak atire dè milya dola nan investisman prive. Yo ede nou chanje paj la tou sou depandans Vil New York sou konbistib fosil yo ke y ap tann depi lontan epi li pral asire dè milyon Nouyòkè, sitou sa k ap viv nan kominote ki pi frajil nou yo, ka gen pwomès yon lè ki pi pwòp ak yon avni ki pi an sante."

Anons jodi a ranfòse pa konfimasyon Vil New York ke yo pral rejwenn nan rekonpans istorik sa a. Sa fè echèl prim sa yo posib pandan y ap kreye opòtinite pou dè milya dola nan ekonomi pou kliyan yo nan Vil New York ak nan tout eta a.

"Sa a se yon moman transfòmasyon pou batay Vil New York kont chanjman klimatik la", **majistra Vil New York Ian Bill de Blasio te deklare.** "De nouvo liy transmisyon ki konekte Vil New York ak elektrisite ki soti nan dlo, van, ak solè pral kreye dè milye bon travay sendikal, amelyore fleksibilite ak fyabilite ekipman enèji nou an, epi redwi dramatikman depandans nou sou elektrisite ki pwodui ak lwil ak gaz ki sal lè nan katye nou yo ak mete an danje planèt nou an. Mèsi ak Gouvènè Hochul ak NYSERDA pou patenarya yo, epi nou ap tann ak enpasyans pou nou travay ansanm pou rejwenn rekonpans istorik sa epi pou nou akonpli angajman nou pou alimante operasyon vil New York yo avèk 100% elektrisite pwòp e renouvlab apati 2025."

Konbine, pwojè rekonpans Clean Path NY (CPNY) la, ki devlope pa Forward Power (yon antrepriz konjwen Invenergy ak EnergyRe) ak Otorite Enji New York (New York Power Authority, NYPA), ak pwojè Champlain Hudson Power Express (CHPE), ki devlope pa Transmission Developers, Inc. (ki te sipòte pa Blackstone) ak Hydro-Québec pral:

- Pwodui apeprè 18 milyon megawat enèji renouvlab chak èdtan nan pati nò eta ak Kanada chak ane, sa ki ase pou alimante plis pase 2.5 milyon kay;
- Redwi 77 tòn degajman gaz a efe sèr yo chak ane pandan 15 pwochèn ane yo, sa ki se Ekivalan si yo ta retire yon milyon machin sou wout yo; epi
- Bay 2.9 milya dola nan avantaj sante piblik sou 15 ane ki pral lakoz ekspozisyon redwi pa rapò ak polyan danjere yo—ki gen ladan mwens epizòd maladi ak lanmò prematire, mwens jou ekòl oswa travay ki rate, mwens entèripsyon nan biznis, ak pi swen sante ki pi ba pri.

Demontre angajman Eta a pou asire pwojè sa yo kreye bon kalite djòb pou soutni fanmi pou Nouyòkè yo. Kontra yo akòde yo ap gen ladan dispozisyon salè dominan pou tout ouvriye yo, travayè yo, ak mekanisyen k ap fè aktivite konstriksyon ki gen rapò ak konstriksyon pwojè yo. Anplis de sa, devlopè pwojè yo pral oblije negosye Akò Travay Pwojè (Project Labor Agreements) pami kontraktè konstriksyon yo ak yon òganizasyon pwofesyonèl ki travay sou bilding ak konstriksyon ki reprezante travayè atizan pou konstriksyon an nan nouvo liy transmisyon yo ansanm ak konstriksyo nouvo resous pou jenerasyon enèji renouvlab ke devlopè yo ak afilye li yo bati pou pwojè sa a nan Eta New York.

CPNY ak CHPE pral investi apeprè 460 milyon dola nan fon avantaj kominotè yo pou kreye chemen pou travay enèji vèt, sipòte sante piblik, avanse pwojè amelyorasyon kapital, reyalize restorasyon abita ak amelyore anprent anviwònmantal bilding yo nan kominote defavorize yo.

Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare, "Investi kounye a nan gwo pwojè enfrastrikti enèji renouvlab sa yo pral

ranfòse rekiperasyon ekonomik eta a nan yon moman kote Nouyòkè yo vrèman bezwen li epi yo pral akselere pwogrè nou yo nan bay enèji pwòp, rezistan, renouvlab nan kèk nan kominote ki pi polye yon fason dans ak defavorize nan eta yo. Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul la, New York ap itilize tout zouti a dispozisyon li, ki gen ladan pwogram renouvlab ak enfrastrikti a gran echèl ki chaje enpak sa a, pou akselere pwogrè nou nan direksyon objektif eta a pou klima ak enèji pwòp k ap mennen nan nasyon an ak pandan y ap eksplwate enèji ewolyèn, solè ak idwolik pou ankouraje investisman prive, devlopman ekonomik ak kreyasyon djòb atravè eta a."

Direktris Egzekitif Jeneral Hydro Quebec la, Sophie Brochu ak Direktè Egzekitif Jeneral Transmission Developers la, Don Jessome, te deklare, "Nou onore ke enèji idwolik Quebec, ki te livre sou pwojè transmisyon otorize, ki fouye nèt, epi ki pare pou konstriksyon, yo te chwazi rejwenn lòt pwojè renouvlab enpòtan yo pandan Eta a ak Vil la ap travay pou reyalize manda klima yo. Nou felisite Gouvènè Hochul ak NYSERDA pou lidèchip enèji pwòp yo e nap tann pou nou livre rapidman imans avantaj enèji pwòp pwojè a ak nouvo djòb nan Eta a. Nou rekonesan anpil pou anpil òganizasyon ouvriye yo, responsab anviwònman ak minisipalite yo nan tout eta a ki te sipòte pwojè sa a."

Lidè Clean Path NY la, Jeff Blau ki soti nan energyRe, Michael Polsky ki soti nan Invenergy, ak Gil C. Quiniones nan New York Power Authority, te deklare, "Clean Path NY se investisman enfrastrikti enèji renouvlab ki pi enpòtan nan Etazini nan syèk sa a ak yon pwojè defini pou avansman enèji pwòp nan New York - youn ki pral redwi dramatikman emisyon kabòn, katalize djòb vèt atravè eta a, bay avantaj jistis anviwònmantal ki enpòtan an epi fondamantalman chanje fason Eta nou an alimante. Asosye pwojè ewolyèn, solè, ak estokaj inovan ak transmisyon modèn pou pote enèji pwòp dirèkteman nan Vil New York, Clean Path NY pral yon pwojè enèji renouvlab ki vrèman pote transfòmasyon. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li ak NYSERDA pou patenarya yo, epi nou ap tann ak enpasyans pou livre avantaj Clean Path NY yo pou tout Nouyòkè yo."

Yo te chwazi pwojè yo pou negosyasyon kontra kòm yon pati nan demand enèji renouvlab Nivo 4 Otorite Rechèch ak Devlopman Enji Eta New (York New York State Energy Research Development and Authority NYSERDA) ki te pibliye nan mwa janvye a. Yon fwa li finalize, NYSERDA pral soumèt kontra negosye yo pou pwojè sa yo pou Komisyon Sèvis Piblik New York la pou konsiderasyon ak apwobasyon. Si yo apwouve kontra Nivo 4 la, paman NYSERDA anba prim sa a pa pral kòmanse pou chak pwojè respektif jiskaske pwojè a jwenn tout pèmi obligatwa yo ak apwobasyon lokal yo, konstwi epi livre kouran nan Vil New York, ki yo prevwa k ap kòmanse apati 2025 pou CHPE ak 2027 pou CPNY.

Pwogrese efò eta a pou kreye yon rezo elektrik ki pi serye ak fleksib, pwojè sa yo pral ede tou pou kreye yon sistèm transmisyon ki modèn ki kapab livre filyè adisyonèl sa a nan elektrisite renouvlab nan zòn ki gen anpil demann yo nan pati nò New York. Liy transmisyon 280 km CPNY a pral kouri soti nan Soustasyon Fraser nan Konte Delaware pou rive nan Soustasyon Rainey nan Queens, lè li sèvi avèk yon kab anba tè

avèk dwa pasaj ki deja egziste a, ki pral bese potansyèl enpak kominotè lokal yo, evite abita sansib bò Hudson River a, epi vin pi rezistan pase altènativ anwo tè a pou fè fas ak move tan grav ak menas sekirite yo. CHPE se yon liy transmisyon ki otorize pase 545 km kab anba tè, alafwa anba tè ak anba dlo, ki pase soti nan resous ewolyèn ak idwolik Hydro-Quebec yo nan pwovens Quebec rive nan Astoria Energy Center (Sant Enèji Astoria) nan Queens e li te adopte pi bon pratik jesyon pou evite, minimize ak diminye domaj nan anviwònman an, ki gen ladan enpak sou espès sansib ak abita yo. Kat jewografik liy transmisyon an disponib isit la.

Eta a ap kontinye mete aksan ak amelyore angajman ak kominote yo kote pwojè a ap devlope. NYSERDA ofri resous ak asistans teknik gratis pou ede gouvènman lokal yo konprann kijan pou jere devlopman enèji pwòp responsab nan kominote yo, ki gen ladan enstriksyon etap pa etap ak zouti pou gide aplikasyon enèji pwòp, ki gen ladan pwosesis pèmi, taks sou pwopriyete, sit, zonaj, ak plis ankò.

Si yo apwouve li, pwojè CPNY ak CHPE yo pral ajoute sou filyè solid enèji renouvlab a gran echèl New York la, ki gen ladan prèske 100 pwojè solè, pwojè enèji ewolyèn olaj zòn kot ak pwojè ewolyèn ki baze sou tè ki totalize prèske 11,000 megawat kouran pwòp—sa ki ase pou alimante plis pase senk milyon kay nan New York lè li fini. Angajman Eta a pou konstwi nouvo transmisyon enèji vèt, ki te dirije pa 402 km nouvo amelyorasyon majè ki deja sou pye nan tout eta a epi ranfòse pa rekonpans sa a pral pèmèt filyè aktyèl enèji renouvlab yo alimante plis pase 60 pousan elektrisite New York ki soti nan sous renouvlab yo yon fwa ke li an fonksyon.

Senatè Todd Kaminsky te deklare, "Anons jodi a pa Gouvènè Hochul se ankò yon lòt mouvman ki chanje jwèt la pou asire New York satisfè objektif ki tabli nan Lwa Sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè a. Diminye depandans Vil New York sou konbistib fosil, pwojè sa yo pral pi bon pou anviwònman ak sante nou. Yo pral kreye tou dè milye djòb dirab epi ki byen peye — sa k ap solidifye New York kòm yon lidè nan nouvo ekonomi vèt sa a."

Senatè Kevin Parker te deklare, "Mwen sipòte totalman de gwo pwojè enfrastrikti enèji vèt ke Gouvènè Hochul ak NYSERDA prezante yo. Li enpòtan pou Leta kontinye investi nan inisyativ ki pral diminye emisyon kabòn, pandan y ap amelyore kalite lè a nan kominote defavorize yo. Inisyativ sa a pral kreye aksè ak travay ki byen peye pandan y ap travay pou atenn objektif enèji pwòp nou yo. "Kòm Prezidan Komite Enèji ak Telekomunikasyon, Mwen konnen pwojè sa yo pral kontinye ede Eta New York kontinye dirije nan enèji pwòp."

Manm Asanble Lejislativ la, Steve Englebright, te deklare, "Anons jodi a pa Gouvènè Hochul se yon etap an avan ki enpòtan pandan n ap adrese enpak chanjman klimatik yo. Pwojè enfrastrikti sa yo pral livre enèji renouvlabl ki soti nan pwodiksyon ewolyèn, solè, ak idwoelektrik epi redwi emisyon gaz danjere ki lakòz efè sèr pou reyalize objektif enèji pwòp nan Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè a."

Anne Reynolds, ki se Direktris Jeneral Alyans pou Enèji Pwòp New York la (Alliance for Clean Energy New York), te deklare, "Anons eksitan Gouvènè Kathy Hochul sou investisman rezo jodi a, konbine avèk angajman New York pou enèji ewolyèn olaj zòn kot ak solè iben, pral transfòme seryezman fason Vil New York alimante. Enèji renouvlab se kle aksyon klima, e nou bat bravo espesyalman pou pwojè transmisyon ki sipòte konstriksyon nouvo pwojè ewolyèn ak solè nan pati nò New York. Avèk aksyon tankou sa yo, lidèchip nan New York ap montre rès peyi Etazini an kisa pwoteksyon klima sanble."

Prezidan Lig Konsèvasyon Votè New York (New York League of Conservation Voters), Julie Tighe, te deklare, "Nou bat bravo pou Gouvènè Kathy Hochul ak NYSERDA paske yo kòmanse semèn klima a nan avanse pwojè enfrastrikti ki pral akselere tranzisyon nan direksyon enèji pwòp pou pi gwo pòch chaj enèjetik New York la. Aksyon ou yo pral akselere yon chanjman nan enèji renouvlab ki pral non sèlman ede konbat kriz klimatik la, men tou bay soulajman ki nesèsè nan zòn ki pa satisfè Estanda Kalite Lè federal la, ak kominote yo ki twò chaje pa sous enèji polyan yo."

Prezidan REBNY an Douglas Durst, ak Prezidan James Whelan, te deklare, "Adrese kriz klimatik nou mande aksyon ki solid, men aksyon reflechi. Rediksyon emisyon kabòn avèk siksè nan Vil New York pa pral posib san deplwaman agresif pwodiksyon ak transmisyon enèji renouvlab. Jodi a Gouvènè Hochul ak NYSERDA te pran mezi ki solid, men reflechi, pou fè New York yon lidè nasyonal nan batay kont chanjman klimatik la."

Reprezantan Entènasyonal International Brotherhood of Electrical Workers (IBEW) la, ki se Edwin Hill, Jr., te deklare "International Brotherhood of Electrical Workers (IBEW) nan New York bat bravo pou efò Eta New York ak NYSERDA pou konbat chanjman klima ak pou pwoteje estanda travayè ki egziste yo epi pou asire angajman kominotè ki afekte ak defavorize ak Nivo 4 - New York City Renewables Energy RFP. Nivo 4 la pral jwe yon wòl enpòtan nan rankontre lejislasyon klima eta a, Lwa Sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè a, ki egzije pou rezèv enèji NY a 70% san kabòn apati 2030. Pwojè ki pral vini an (yo) pral ofri dè milye travay, nivo karyè, epi ki byen peye pou rezidan NY yo toupatou nan eta a epi enjekte dè milya de dola nan ekonomi eta NY la pandan y ap amelyore anviwònman an anpil pou sitwayen li yo. IBEW a pa ka tann pou jwe yon wòl ki enpòtan anpil nan asire siksè nan inisyativ klas mondyal sa a."

Building and Construction Trades Council of Greater New York President Gary LaBarbera said, "Sa a se yon etap an devan ki enpòtan pou pote enèji pwòp ak renouvlab ki nesèsè nan Vil New York, pandan y ap asire ke bon travay sendikal ki mennen nan karyè klas mwayèn ak avantaj yo ki rete nan kè fason New York jenere ak livre enjè li a. Nou remèsye Gouvènè Hochul paske li konsantre li ak angaje li pou kreye djòb pou soutni fanmi yo kòm yon pati nan plan konplè ak anbisyè eta a pou satisfè objektif enèji pwòp li yo."

Direktè Fon pou Òganizasyon Ouvriye Eta New York yo, John Hutchings, te deklare, "Mwen aplodi Gouvènè Kathy Hochul ansanm ak NYSERDA poutèt yo kontinye avanse pwojè enfrastrikti ki enpòtan. Pwojè sa yo pral akselere chanjman eta a nan direksyon enèji renouvlab ak mennen nan dè santèn travay konstriksyon ki peye travayè yo yon salè dominan. Travayè Eta New York yo ankouraje pa angajman kontinyèl Gouvènè Hochul pou asire yon tranzisyon jis pou manm nou yo pandan eta a ap fè tranzisyon nan direksyon yon objektif ekonomi nèt zewo emisyon an matyè kabòn disi 2050.

Stuart F. Gruskin, Ofisye Anchèf Konsèvasyon ak Zafè Ekstèn pou The Nature Conservancy nan New York, te deklare, "Nature Conservancy bat bravo pou Gouvènè Kathy Hochul ak NYSERDA paske yo akselere travay pou aplike lwa pyonye sou klima New York la, ki vize pou reyalize yon ekonomi nèt zewo emisyon disi 2050. Pwojè sa yo ap diminye polisyon nan lè a, pote enèji pwòp nan Vil New York, ak bati ekonomi enèji renouvlab la. Avèk lidèchip solid Gouvènè Hochul, New York ka atake chanjman klimatik epi pwoteje resous natirèl ke nou tout depann de yo."

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York la

Ajanda nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekitab nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lwa atravè lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elektrisite zewo emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an. Li chita sou investisman san presedan ke Eta New York la te reyalize pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 21 milya dola nan 91 pwojè enèji renouvlab ki fèt sou gran echèl nan Eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, investisman sa yo pèmèt kenbe plis pase 150,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2019, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a disi 2035. Selon lwa sou Klima a, New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan investisman nan enèji pwòp pou benefisye kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

###

Lèt nouwèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)